

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, bisa dicindekeun yén ayana tatabasa nu tangtu nu digunakeun ku panulis dina hiji tulisan. Ieu hal dibuktikeun ngaliwatan analisis wacana kritis dumasar kana tiori Roger Fowler dina unsur tatabasa nu digunakeun nu ngawengku wangun transitif, intransitif jeung rélasional.

Kahiji, dina wangun transitif, kapanggih aya 98 data kalimah nu dipasing-pasing dumasar polana nu ngawengku (1) data kalimah wangun transitif ékalaju kapanggih aya 27 data kalimah, (2) data kalimah wangun transitif dwilaju kapanggih aya 46 data kalimah, jeung (3) data kalimah wangun transitif madyalaju kapanggih aya 29 data kalimah. Dina ieu hal, katitén yén panulis loba ngagunakeun tatabasa dina wangun transitif dwilaju nalika nepikeun informasi ngeunaan hiji hal. Salasahijina, katitén dina conto data (008) *Atuh, bisa jadi, mun sagala tuna mah, ngontrak atawa nginjeum gé, lain ukur imah, tapi budaya deuih*. Eusi kalimah tina data (008) téh diwangun ku pola jejer nu mangrupa klausa *Atuh, bisa jadi, mun sagala tuna mah*, caritaan nu mangrupa klausa *ngontrak atawa nginjeum gé*, udagan nu mangrupa frasa *lain ukur imah*, jeung panglengkep nu mangrupa frasa *tapi budaya deuih*.

Kadua, dina wangun intransitif, kapanggih aya 29 data kalimah katut polana nu bédá-bédá.. Contona dina data kalimah (006) *Antara kapentingan pulitik jeung méngbal minangka dua hal nu teu bisa dipisahkeun*. Dina éta kalimah, diwangun ku dua unsur fungsional nyaéta jejer jeung caritaan. Ieu kalimah, teu diwuwuhan ku unsur fungsional udagan sabab sangkan pamaca bisa numuwuhkeun rasa kapanasaran ngeunaan naon nu dicaritakeun ku panulis, saperti naon balukarna lamun dua hal éta dipisahkeun, naon sababna kapentingan pulitik kudu dipatalikeun jeung méngbal, jeung réa deui rasa kapanasaran nu timbul di diri pamaca.

Katilu, dina wangun rélasional, kapanggih aya 6 data kalimah nu ngawengku kalimah rélasional nyampak, kalimah rélasional nyamuni, jeung kalimah rélasional campuran, nu unggal kelompok miboga 2 data kalimah séwang-séwangan. Dina ieu

data, kalimah r  lasional nu kapanggih r  a nu mangrupa kalimah cutatan tina naon nu geus diucapkeun ku batur. Contona dina data kalimah (002) "*Olahraga téh hal nu paling penting dina kahirupan dunya, ngaleuwihan pentingna pulitik jeung ngaleuwihan hal séjénna,*" ceuk Paulo Coelho Duta Pildun 2014 Brasil babarengan jeung Dunga katut Romario.

Jaba ti éta, kapanggih ayana dua hal nu anyar nu patalina antara (1) tiori jeung kalimah transitif; (2) antara tiori jeung kalimah r  lasional. Kahiji, patalina tiori jeung kalimah transitif, kapanggih ayana kecap salian kecap barang nu nyicingan unsur fungsional jejer dina hiji kalimah, nya  ta kecap sifat. Kadua, patalina tiori jeung kalimah r  lasional, kapanggih ayana ciri r  lasional nudi tandaan ku pananda r  lasional, lain ku v  rba r  lasionalna sorangan, jeung dina sawatara kalimah malih aya nu miboga dua unsur r  lasional nya  ta panada r  lasional jeug v  rba r  lasional.

5.2 Implikasi

Anapon dina ieu panalungtikan miboga sawatara implikasi, saperti dina widang pa  lmuan jeung atikan.

Dina widang pa  lmuan, implikasi tina ieu panalungtikan nya  ta bisa dijadikeun r  f  r  ensi tur pikeun ngalegaan pangaweruh nu patali jeung analisis wacana kritis. Hususna ngeunaan analisis wacana kritis dumasar tiori Roger Fowler ngeunaan tatabasa nu ngawengku wangun transitif, wangun intransitif, jeung wangun r  lasional.

Dina widang atikan, ieu panalungtikan bisa dijadikeun m  dia pikeun maluruh kabasaan hususna dina kabasaan basa Sunda utamana dina medar wacana kritis.

5.3 R  kom  ndasi

Anapon aya r  kom  ndasi tina ieu panalungtikan nu ngeunaan adegan t  kstual dina rubrik "Kolom" majalah *Mangl  * (ulikan tatabasa mod   Roger Fowler) téh, ngan ukur museur dina unsur tatabasana wungkul. Ku kituna, perlu aya panalungtikan s  j  n anu leuwih ngaguar ngeunaan sakab  h unsur nu dit  t  lakéun ku Roger Fowler nya  ta unsur kandaga kecapna, sangkan bisa ngalegaan pangaweruh tur ngalengkepan deui analisis wacana kritis ngagunakeun mod  l

Roger Fowler. Lian ti éta, data nu dijadikeun sumber panalungtikan bisa leuwih rupa-rupa wangunna.